

## Pratik Finansye ak Pwosedi yo

Mèsi paske w chwazi nou kòm founisè swen primè ou. Nou pran angajman pou ba ou bon jan swen sante de kalite a pri abòdab. Nou devlope pratik pèman sa a ak pwosedi sa yo, paske kèk nan pasyan nou yo genyen kesyon ki konsène pasyan e responsablite asirans nan sèvis y ap bay. Ou ka mande yon kopi dosye ou yo.

### Pratik Pèman pou Pasyan yo

- 1. NOUVO PASYAN KI PA GEN OKENN ASIRANS:** Pasyan ki pote Prèv Revni (POI) pral oblije peye yon frè minimòm de \$ 20 nan moman enskripsyon an. Pasyan ki PA POTE POI pral oblije peye yon frè minimòm de \$ 50 nan moman enskripsyon an. Yo pral kolekte tout balans pou vizit la nan moman w ap sòti a mwens ke yo te fè aranjman pou sa anvan. Yo p ap refize bay sèvis a okenn pasyan sou pretèks yo pa ka peye. Plan pèman yo disponib.
- 2. PASYAN PÈMANAN KI PA GEN ASIRANS:**
  - a. Pasyan ki te kalifye pou Plan Barèm mobil A - E pral oblije peye yon frè minimòm nan moman an **y ap antre** nan randevou yo a. Li pral dwe balans lan lè lap sòti.
  - b. Pasyan ki otonòm ki pa kalifye pou pwogram barèm mobil la pral oblije peye yon frè minimòm de \$ 50 la nan moman l ap antre/ anrejistre. Yo pral kolekte tout balans pou vizit la lè **w ap sòti** a mwens ke yo te fè aranjman pou sa anvan.
  - c. Yo p ap refize bay sèvis a okenn pasyan sou pretèks yo pa ka peye. Plan pèman yo disponib.
- 3. ASIRANS:** Nou patisipe nan pifò plan asirans, ikonpri Medicare ak Medicaid. Konnen benefis asirans ou se responsablite w. Si gen yon asirans ki kouvri w nou pa patisipe ladan l OSWA ou pa ka bay yon kat asirans aktyèl, y ap tann pèman konplè yo a chak vizit. Tanpri kontakte konpayi asirans ou avèk nenpòt kesyon ou genyen konsènan pwoteksyon ou.
- 4. KO-PÈMAN & FRANCHIZ:** Yo dwe peye tout ko-pèman yo nan moman sèvis la. Aranjman sa a se yon pati nan kontra w la ak konpayi asirans ou an.
- 5. SÈVIS KI PA KOUVRI:** Tanpri konnen byen ke kèk (petèt tout) sèvis ou resevwa yo, Medicare ansanm ak lòt Konpayi asirans ka pa kouvri yo oswa yo ka pa konsidere yo rezonab oswa nesèsè. Nan ka sa yo, ou pral responsab pou peye frè yo epi ou kapab aplike tou pou yon Pwogram Rabè sou Frè. Pa gen rabè pou kèk founiti oswa sèvis anba Pwogram Rabè sou Frè tankou IUDs, enplantasyon kontraseptif oswa Vaksen pou granmoun.
- 6. PRÈV ASIRANS:** Nou dwe jwenn yon kopi aktyèl kat asirans ou an ki valab pou nou verifye kouvèti asirans ou a. Si ou pa bay nou bon jan enfòmasyon sou asirans la nan yon delè ki apwopriye, ou pral responsab pou peye balans reklamasyon w lan.
- 7. SOUMISYON REKLAMASYON YO:** Nou pral soumèt reklamasyon w lan epi n ap ede ou jan nou kapab pou yo peye reklamasyon w lan. Konpayi asirans ou ka bezwen ou bay kèk enfòmasyon dirèkteman. Se responsablite w pou konfòme w avèk demann yo. Tanpri konnen byen ke balans reklamasyon w lan ka vinn responsablite w kèlkeswa sa plan asirans ou peye oswa pa peye.

8. **CHANJMAN NAN KOUVÈTI ASIRANS:** Si asirans ou chanje, tanpri fè nou konnen anvan pwochen vizit ou a pou nou ka fè chanjman ki nesèsè pou ede w resevwa maksimòm benefis ou yo. Si konpayi asirans ou pa peye reklamasyon w lan nan 45 jou yo kapab mande w pou peye reklamasyon w lan.
9. **NON-PÈMAN:** Nou pral fè tout posib nou pou asiste w epi travay pou jwenn aranjman pou pèman balans ou yo ki poko peye yo a. Sepandan, si yo reyalize ou gen kapasite pou peye epi ou refize fè sa yo kapab refize sèvi w a lavni.
10. **MANKE RANDEVOU YO:** Nou mande w pou ou kontakte nou 24 èdtan alavans lè w bezwen anile yon randevou yon fason pou w pèmèt nou ofri lè w la a yon lòt pasyan. Lè w rate randevou souvan sa ka lakòz yo pa ofri w sèvis medikal/dantè ankò.

Community Health Centers, Inc. pran angajman pou bay bon jan swen medikal. Nou bay swen sa a yon pri redwi ki baze sou Federal Poverty Guidelines (Gid federal sou lamizè). Règ daprè Biwo Swen Sante Primè ki jere finansman nou mande pou nou fè tout efò pou jwenn pèman apwopriye pou pasyan nou yo.

**Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri pale ak anplwaye nou yo.**